

AIAN TENGAH SEMESTER I
SMP NEGERI ANDA
JN PELAJARAN 20../20..

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah
Kelas : IX (Sembilan)

Hari/Tanggal :
Waktu :

Wacanen kanthi patitis!

**R
E
K
A
Y
A
S
A
U
W
U
H**

Uwuh sing ana ing masyarakat bisa kaperang dadi loro, yaiku uwuh organik lan anorganik. Uwuh organik yaiku sawenehing uwuh sing dumadi saka tetuwuhan utawa urip-uripan, umpamane sisa panganan, godhong, lan liya-liyane. Dene uwuh anorganik yaiku uwuh sing dumadi saka proses prodhuksi kanthi cara kimia, upamane wesi, kaca, plastik, lan liya-liyane. Sakabehing uwuh mau menawa ora diopeni kanthi becik mesthi nuwuhake ambu sing ora enak lan pungkasane bisa nyebabake lelara.

Kanthi nggunakake Tehnologi Tepat Guna, uwuh sing ana ing masyarakat jebul bisa migunani maneh. Ngupaya uwuh iku bisa kaperang dadi telu, yaiku kanthi didhaur ulang, didadekake barang dadi utawa barang kerajinan. Ngupaya uwuh kanthi dhaur ulang biasane awujud uwuh sing arupa uwuh anorganik. Dene carane nggawe dhaur ulang iki kanthi diobong banjur sisane obongan didadekake lemah urug.

Wenehana Tandha X ing wangsulan kang bener!

1. Apa irah-irahan wacan ing dhuwur?
 - a. Jinise uwuh
 - b. Rekayasa uwuh
 - c. Bebayane uwuh
 - d. Paedahe uwuh
2. Uwuh bisa kaperang dadi
 - a. 5
 - b. 4
 - c. 3
 - d. 2
3. Plastik, wesi, kaca kalebu uwuh
 - a. Gas
 - b. Anorganik
 - c. Organik
 - d. Campuran
4. Uwuh organik bisa diolah dadi
 - a. Watu akik
 - b. Fosil
 - c. Kompos
 - d. Diobong
5. Uwuh sing ora diopeni kanthi becik bakal nuwuhake sakehing masalah, kajaba
 - a. Reretu
 - b. Mambu
 - c. Kompos
 - d. Laler
6. Uwuh sing maune dadi reretu saka rekayasa malah bisa miguna. Rekayasa dasanamane.....
 - a. Budidaya
 - b. Usaha
 - c. Polah gawe
 - d. Milihi

7. Yen nulis angka Jawa lumrahe migunakake

a. Pada lungsi

c. Pada lungsi

b. Adeg-adeg

d. Pada lingsa

8. Setitekn cuplikan teks tanggapan diskripsi ing dhuwur. Urut-urutan struktur teks tanggapan deskripsi kang bener yaiku :
- a. Klasifikasi, identifikasi, isi, panutup
 - b. Klasifikasi, isi, identifikasi
 - c. Identifikasi, klasifikasi, deskripsi bagian
 - d. Identifikasi, klasifikasi, isi, penutup

Wacanen kang patitis!

Evan Dimas Darmono utawa kang kaloka kanthi jeneng Evan Dimas iki lahir ing surabaya tanggal 13 Maret 1995. Ivan kang nduweni Zodiak Aries iki putra saka bapak Darmono lan ibu Ana. Pak Darmono minangka security ing salah siji perumahan elit kawasan Surabaya Barat, senjata saka keluarga kang sederhana ananging semangat Evan kanggo gawe bombong ati bapak lan ibune lumantar sepak bola ora luntur. Miturut Evan kang nate sekolah ing SMA Shafta Lontar Citra iki bal-balan wis dadi cita-citane wiwit cilik.

9. Evan Dimas miyos ing kutha :
- a. Sidoarjo
 - b. Surabaya
 - c. Gresik
 - d. Mojokerto
10. Evan Dimas lair saka keluarga kang sederhana. Bapake ngasta minangka :
- a. Kuli bangunan
 - b. Pegawai Negeri Sipil
 - c. Pegawai kantor
 - d. Security

Wacanen kang patitis!

Raden Gathutkaca

Raden Gathutkaca satriya saka Pringgadani kang kondhang kanthi sebutanotot kawat balung wesi.Kabeh perangane awak lan busanane nduweni kasekten kang ampuh.Piyambake bisa mabur tanpa

swiwi, amarga nganggo kotang Antakusuma paringane para dewa.

Raden Gathutkaca iku sejatine putrane Raden Werkudara karo Dewi Arimbi, sadulure ana loro, yaiku kangmase kang asma Antareja lan adhine Antasena. Asmane liya raden Gathutkaca yaiku Bambang Tetuka, Kacanegara, Sena Putra, Bimasuta, Arimbatmaja, Krincingwesi.

11. Raden Gathutkaca satriya saka...
- a. Pringgondani
 - b. Alengka
 - c. Astinapura
 - d. Kurawa
12. Raden Gathutkaca bisa mabur tanpa elar, amarga nganggo kotang Antrakusuma paringane para Dewa. Tembung “elar” padha karo...
- a. Gulu
 - b. Sirah
 - c. Sikil
 - d. Swiwi
13. Badri mlaku alon-alon kanthi ngelamun ing trotoar. Koran saktumpuk digendhong ing pundhake during ana sing payu. Dina iku ora ana padatan, panase nylomot bunbunan nganti gosong. Raine rada gosong, gulune asat, ngelak lan luwe. Swara kendaraan ing prapatan pasar Manukan iku gembrubug nambahi ati susah.
- Paragraf ing dhuwur miturut struktur teks kalebu perangane...
- a. Eksposisi
 - b. Ending
 - c. Klimaks
 - d. Komplikasi
14. Pacelathon kang kudu diucapake para paraga, anggone ngucapake kanthi penghayatan slaras karo tokoh sing diperanake diarani...
- a. Dhialog
 - b. Paraga
 - c. Plot
 - d. Tema
15. Lumrahe rupa synopsis crita, sing ngandharake paparan diarani...
- a. Anti klimaks
 - b. Eksposisi
 - c. Ending
 - d. Narator

Wacanen kang patitis!

Para nawang lagi guneman ing kahyangan. Dheweke mudhun saka kahyangan arep adus ing bumi.

Nawang sekar : “ Ayo dulur, dolan menyang bumi!”

Nawang lintang : “ wah ...ayo! Nanging dolan menyang ngendi?”

Nawang sari : “ Aku duwe pamikiran, ayo adus ing tлага wae”

Para nawang : “Nggawa slendange ayo...!”

16. Pesan moral kang bias diteladhani ing crita dhuwur yaiku...

- a.. Goleka Widodari ing pinggire tлага
- b. Tulung-tinulung marang sapadha-padha
- c. Aja nangis ing sadhengahing panggonan
- d. Ajining raga gumantung ing busana

17. Sing dudu kalebu titikane teks palapuran asil observasi yaiku...

- a. Ana tembung kriya lan tembung wilangan
- b. Ditulis lelandhesan kasunyatan (fakta)
- c. Isi teks kudu objektif
- d. Isi teks kudu subjektif

18. Wus tinata titi tataning gati, nun inggih putra temanten kakung sampun jumeneng wonten sangajeng wiwara kepareng badhe hanetebi upacara pasrah temanten.

Tembung “ jumeneng” ana ing ukara iku nduweni teges...

- a. Lungguh
- b. Mlak
- c. Ngadeg
- d. Sumadya

19. Wasana namung samanten atur kula minangka sesulih rencang-rencang kelas IX sedaya, mbok bilih wonten galap-gangsuling saha benceng cewenging atur, kula tansah nyuwun lumunturing samodra sih pangaksami. Nuwun

Ukara ing dhuwur iku pethikan saka pidhato kang kagolong ana ing perangan....

- a. Salam pambuka
- b. Purwaka
- c. Pangarep-arep
- d. Panutup

Wacanen kang patitis!

Arep Lunga

Narti : “Ibu punapa siyos tindak sapunika?”

(karo nyedhaki ibune sing lagi setrika).

Ibu : “Ya, durung ta, Nar, iki isih ngenteni Bapakmu.”

Narti : “Bapak kala wau tindak pundi ta, Bu, ngantos yah manten kok dereng rawuh?”

Ibu : “Ngendikane mau neng daleme Pak RT, nanging kok ya suwe men!”

Bapak : “Assalamu’alaikum, walah-walah wis padha ganti klambi ta iki!” (mlaku karo nyopot helm tumuju ibu lan Narti).

Nanang : “Ya Alla, Bapak, dirasani ibu karo mbak Narti kok ya mara kondur!” (melu-melu marani ibu).

Bapak : “Iya sepurane, iki mau ndadak ngrembug rapat RT kanggo sesuk barang, mulane dadi suwe! Hlo ... Narti kok durung salin klambi?” (karo nyekel pundhak anak wadone).

Narti : “Kula kesah mangke mawon, niki taksih ngrantos Mas Narno!”

Bapak : “Dadi Masmu sida bali mulih ta saiki!”

Narti : “Inggih, kala wau sampun wangsul, nanging taksih ngeteraken layang titipan dhateng tiyang sepahing rencangipun.”

Bapak : “Sik dakpanasane sedhela mobile, mengko ibu lan Nanang ndang nyusul.” (ninggalake ruwang setrikan tumuju garasi).

Nanang : “Iya-iya, wis ayo, Bu, gek ndang nututi Bapak. Mas Narno karo Mbak Narti ditinggal wae, ben numpak bis!” (ninggalake ibu lan Narti tumuju garasi nututi bapake).

20. Watake paraga Ibu, yaiku

- a. sabar lan wicaksana
- b. ora ngurus
- c. seneng geger/rame
- d. gampang nesu

21. Manut teks drama kasebut, papan panggonane Ibu, Narti, Bapak, lan Nanang nalika rembugan ing
- | | |
|--------------------|-----------------|
| a. kamare Nanang | c. kamare ibu |
| b. ruwang setrikan | d. garasi mobil |
22. Bapake Narti lan Nanang ora enggal kondur amarga isih
- | | |
|-------------------|-----------------------|
| a. manasi mobil | c. ngenteni Mas Narno |
| b. setrika klambi | d. ngrembug rapat RT |
23. Manut teks drama kasebut, bisa didudut pesen moral menawa patrape anak marang wong tuwa yaiku
- ngerti marang kahanane wong tuwa
 - madoni marang klerune wong tuwa
 - ora ngurus karo kahanane wong tuwa
 - wegah nakoni wong tuwa kang sakepenake
24. Basa krama alus digunaake ...
- wong wadon marang bojone
 - wong biasa sing durung akrab
 - wong sedrajad sing padha ngajeni banget
 - wong drajade luwih dhuwur marang singluwih endhek
25. Ibu arep ngombe kopi panas. Krama inggil ukara iku yakuwi...
- | | |
|---------------------------------|----------------------------------|
| a. Ibu arep ngunjuk kopi panas | c. Ibu badhe ngunjuk kopi benter |
| b. Ibu badhe ngombe kopi benter | d. Ibu badhe ngunjuk kopi panas |
26. Mas Parmnin nembe tindak dhateng Jakarta kaliaan garwanipun. Basa ngoko ukara kuwi yaiku...
- Mas Parmin lagi lunga menyang Jakarta karo bojone
 - Mas Parmin lagi tindak Jakarta kaliaan bojonipun.
 - Mas Parmin nembe tindak Jakarta karo bojhone.
 - Mas Parmin nembe lunga menyang Jakarta karo garwane
27. Budi mau ditimbali gurune.
Ukara iki nganggo basa apa?
- | | |
|---------------|---------------|
| a. ngoko lugu | c. krama lugu |
| b. ngoko alus | d. krama alus |
- 28.
- (1) digunaake kanca padha kanca akrab
 - (2) basane ngoko dicampuri krama inggil
 - (3) ater-ater lan panambanag dikrmaake
 - (4) tembung sing dikramaake: wonge, panindake, barang kaduwekane
- Sing dadi ciri-ciri ngoko alus:
- | | |
|--------|--------|
| a. 1,3 | c. 2,4 |
| b. 1,4 | d. 2,3 |

Wacanen kang patitis!

Dadia tirakatmu anak-anakku
 Yen dina iki ora ana upa
 Kowe padha ora mangan sega
 Kejaban gegelan tela
 Tamba ngelih panguwaraning atimu
 Dadia tirakatmu anak-anakku
 Sewengi ngrungu udan kumricih
 Padha ndhekep weteng ngelih
 Kemul omah gombaling biyungmu
 Ing gubuh trocah gubuge bapakmu

29. Tembung “Tirakat” nduweni teges

- a. Seneng
b. Prihatin
c. Susah
d. Mulya

30. Padha ndhekep weteng ngelih. Tembung “ngelih” tegese

- a. Luwe
b. Wareg
c. Lara
d. Mangan

B. Wangsulana Pithakon Ing Ngisor Iki Kanthi Patitis!

1. “Radhen Ajeng Kartini miyos taun 1879” yen katulis ing aksara Jawa, yaiku

2. Apa basa krama inggile ukara iki?

Budhe Dharmi lagi turu ono kamar buri

3. Dadi arek iku aja gedhe endhase mengko ndak gak disenengi karo kancane. Apa tegese tembung “gedhe endhase” sing kalebu tembung entar iku?

4. Dadekna basa krama alus ing ngisor iki dadi basa ngoko lugu :

Simbah nembe dhahar roti kalia ngunjuk kopi

5. Sebutna jinise tembang macapat?

6. Sapa sing bisa nggunakake basa ngoko lugu?

7. Apa wae sing kalebu drama tradhisional iku?

8. Ibu badhe tindhak Ngayogyakarta nitih kreta dipunrencangi dening mbak Nani.

Ukara ing ndhuwur yen diowahi basa ngoko dadi

9. Apa sing diarani “Tema?”

10. Sebutna 5 unsur intrinsik struktur teks naskah drama tradhisional!

Ajining dhiri saka lathi